




Nan Vil New York, li pa legal pou w fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl yon moun nan espas piblik yo, ki gen ladan **etablisman swen sante yo.**

Ou gen dwa pou:

1. Tout pwofesyonèl swen sante yo ak **tout** pèsonèl la trete ou avèk diyite, respè ak pwofesyonalis nan **tout** etablisman swen sante yo
2. Resevwa swen ak kè sansib, san yo pa jije ou epi fòk se yon swen ki konplè ki considere oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou ak ekspresyon seksyèl ou pou **tout** sèvis sante yo
3. Fè chita pale nan respè avèk pwofesyonèl swen sante yo sou sante ou ak bezwen ou genyen nan zafè swen sante, ki gen ladan pase seksyèl ou ak vi seksyèl ou ap mennen kounye a
4. Fè yo rekonèt, afime, kore ak akomode idantite seksyèl ou ak ekspresyon seksyèl ou nan tout enterakson ki ap fèt sou swen sante
5. Pwofesyonèl swen sante yo ba ou eksplikasyon ki klè lè yo mande enfòmasyon sou sante ou
6. Jwenn eksplikasyon ki klè sou tout pwosedi medikal yo ak risk yo, epi ou gen dwa pou w chwazi oswa refize nenpòt tretman
7. Jwenn pwoteksyon ak avantaj asirans sante san diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl.
8. Chwazi ki moun ki ap pran desizyon medikal yo pou ou si ou pa kapab pran yo; epi, si ou se yon minè, dwa pou w fè yo pase opinyon ou ak mete enterè ou nan desizyon sa yo
9. Deside ki moun ki ka vin wè ou ak ki moun ki pa ka vin wè ou si yo mete ou nan yon etablisman swen sante
10. Lavi prive ak konfidansyalite



## DEKLARASYON DWA POU SWEN SANTE

Èske yo maltrete ou oswa refize ba ou swen poutèt oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou oswa ekspresyon seksyèl ou?

Rele 311 oswa 718-722-3131 pou w depoze yon plent bòkote Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights) Vil New York la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen pou jwenn swen sante, ale sou [nyc.gov/health/lgbtq](http://nyc.gov/health/lgbtq).